

Kesyon yo Poze Souvan

Divizyon Familyal



Kòman pou mwen rapòte abi ak neglijans sou timoun?

"Pou rapòte abi ak neglijans sou timoun, rele liy rapò 24 sou 24 la: 1-800-292-9582"¹

Kòman pou mwen pote yon plent sou vyolasyon swen timoun pa yon gadri oswa rapòte yon etablisman gadri ki pa agreye? "Pou rapòte vyolasyon nòm swen timoun, swen ki pa sekirize oswa swen ki pa gen agreye."²

- 1-302-892-5800 (Konte New Castle)
- 1-302-739-5487 (Konte Kent ak Sussex)

Èske Biwo Pwokirè Jeneral la ka entèvni nan ka gad prive mwen an paske mwen pa satisfè ak yon desizyon tribunal oswa ak fason avoka mwen trete ka mwen an?

Non, biwo Pwokirè Jeneral la pa reprezante moun prive nan ka gad timoun yo. Biwo Pwokirè Jeneral la responsab pou reprezante Depatman Sèvis pou Jèn Timoun ak Fanmi yo ak Divizyon li yo (Divizyon Sèvis Familyal, Divizyon Sèvis Reyabilitasyon Jèn yo, ak Divizyon Sèvis Prevansyon ak Sante Konpòtmantal) nan pwosedi tribunal yo.

Dosye kriminèl mwen an te rezoud an favè mwen oswa yo te abandone l. Poukisa mwen oblige fè fas ak yon pwosedi ki enplike Rejis Pwoteksyon Timoun nan?

Yon pwosedi sivil ki enplike Rejis Pwoteksyon Timoun, differan de yon pwosedi kriminèl epi prèv yo pa menm.

Se Lwa 16 *Del.* ki detèmine si dosye kriminèl ou a ak rezolisyón li ta anpeche yon pwosedi sivil pou Rejis Pwoteksyon Timoun. C. § 921.

Kiyès ki reprezante m antanke paran nan dosye depandans/neglijans pitit mwen kont Divizyon Sèvis Familyal la? Ou bezwen rele Tribunal Familyal epi mande kiyès (oswa si yon moun) te nonmen pou reprezante w nan dosye depandans/neglijans pitit ou a. Lè w gen # Dosye Tribunal Familyal ak # Petisyon w lan, sa ap ede Tribunal Familyal la nan reponn kesyon w lan.

Ki kote mwen ka poze kesyon sou sipò timoun?

Paran ki gen kesyon sou sipò timoun ta dwe kontakte [Divizyon Sèvis Sipò pou Timoun yo \(an anglè\)](#). Liy Asistans Otomatik (AAL) yo disponib gratis 24 sou 24, 7 jou sou 7, pandan Espesyalis Sipò pou Timoun yo disponib lendi rive vandredi ant 8:30 a.m. ak 4:00 p.m.:

- Konte New Castle: (302) 577-7171 oswa (302) 395-6520
- Konte Kent: (302) 739-8299
- Konte Sussex: (302) 856-5386

Ki laj yon paran dwe genyen pou peye sipò pou timoun?

Delaware pa gen yon kondisyon laj pou yo òdone w pou w peye sipò pou timoun. Yon paran, menm yon minè, gen yon devwa legal pou sipòtè pitit yo.

Si yon pati se yon kliyan nan Divizyon Sèvis Sipò pou Timoun yo (DCSS), kiyès pou m bay dokiman legal yo? Yo ta dwe sèvi DCSS ak Inite Sipò Timoun DOJ nan non kliyan DCSS la.

¹ Yo te pran lang sa a nan yon ti liv DSCYF/DFS

² Id.